

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu dipedar dina bab saméméhna, analisis dialék sosial dina akun instagram @kata\_sunda bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Dialék sosial mangrupa ragam basa nu dipaké ku sakelompok jalma nu tangtu pikeun komunikasi antar kelompokna. Dina akun instagram @kata\_sunda kapaluruh aya 269 kecap tina 361 postingan anu ngagunakeun dialék sosial. Ari wanda dialék sosial nu kapaluruh aya dalapan wanda, nyaéta *akrolék* (31 kecap), *argot* (1 kecap), *basiléék* (46 kecap), *jargon* (6 kecap), *kén* (6 kecap), *kolokial* (49 kecap), *slang* (102 kecap), jeung *vulgar* (28 kecap). *Slang* mangrupa dialék sosial anu panglobana muncul, lantaran *slang* ilaharna muncul saupama ngareumpak struktur tatabasana anu tujuanana sangkan omonganana teu dipikaharti ku masrakat di saluareun maranéhna.
- 2) Wangun kecap dialék sosial dina akun Instagram @kata\_sunda ngawengku lima wangun kecap, nyaéta kecap salancar, rundayan, rajékan, kantétan, jeung kecap wacahan. (1) Wangun kecap salancar lolobana kapaluruh dina wangun dua engang (65 kecap), wangun saengang (10 kecap), wangun tilu engang (9 kecap), jeung wangun opat engang aya (1 kecap). Dialék sosial wangun lima engang teu kapaluruh dina ieu panalungtikan. (2) Wangun kecap rundayan nu kapaluruh lolobana nyicingan pola struktur rarangkén hareup N-. Jaba ti éta, dialék sosial wangun kecap rundayan ogé kapanggih rarangkén hareup di-. Dialék sosial nu ngalaman prosés rarangkén hareup di- (10 kecap). Ari nu ngalaman prosés rarangkén tukang aya lima rarangkén nyaéta -na, -an, -keun, -ana jeung, -eun, sarta rajékan binarung rarangkén tukang kapaluruh dua wangun nyaéta rdp+-an jeung rdm+-an; 3) Dialék sosial wangun kecap rajékan (5 kecap); 4) Dialék sosial wangun kecap kantétan (1 kecap) 5) Dialék sosial wangun kecap wacahan dina akun Instagram @kata\_sunda ngawengku tilu wanda, nyaéta wangun kecap tingkesan (3 kecap), singgetan (10 kecap), jeung wangun kecap tangkesan (21 kecap).

- 3) Prosés parobahan kecap dialék sosial dina akun isntagram @kata\_sunda nyoko kana opat prosés, nyaéta, 1) Dialék sosial sirnaan ngawengku sirnapurwa (30 kecap), sirnamadya (9 kecap), jeung sirnawekas (4 kecap); 2) Dialék sosial swarabakti ngawengku swarabakti tengah (3 kecap) jeung swarabakti ahir (3 kecap); 3) Dialék sosial bagentén ngawengku bagentén vokal (7 kecap) jeung bagentén konsonan (7 kecap); jeung 4) Dialék sosial métatésis (3 kecap). Dialék sosial nu ngalaman prosés parobahan kecap lolobana kapaluruh dina proses sirnaan, lantaran basa nu dipaké ku hiji kelompok masarakat nu tangtu moal sarua jeung basa nu dipaké ku kelompok masarakat séjénna, salasihijina nyaéta tina bébédaan foném saperti ngalungitkeun foném sangkan karasa aya bédana. Ku kituna, basa anu digunakeunna téh ngaragam.

## 5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran paélmaan linguistik, hususna dina widang sociolinguistik jeung struktur. Panalungtikan ngeunaan sosisolinguistik struktur dina Basa Sunda mah masih saeutik nu nalungtik lantaran lolobana panalungtikan ngeunaan sociolinguistik jeung struktur téh dipisahkeun sacara mandiri.

Dina kahirupan sapopoé, utamana pikeun nu maca ieu panalungtikan bisa ngarti kana makéna dialék sosial anu aya di sabudeureun masarakat hususna pikeun masarakat anu ngagunakeun média sosial *instagram*. Sanajan kitu, dina ngagunakeunana ogé kudu luyu jeung aturan makéna basa Sunda sangkan basa Sunda téh bisa digunakeun kalayan bener tur merenah.

## 5.3 Rékoméndasi

Sanggeusna diayakeun ieu panalungtikan ngeunaan dialék sosial dina akun instagram @kata\_sunda aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun minangka rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Perlu diayakeun panalungtikan lanjutan dina ulikan katatabasaan saperti dina ulikan sintaksis jeung semantik sangkan ieu panalungtikan bisa leuwih jembar.

- 2) Perlu diayakeun panalungtikan séjén pikeun nalungtik dialék sosial anu leuwih jembar saperti dina sumber data nu leuwih lega sangkan panalungtikan bisa leuwih akurat, sabab loba dialék sosial anu acan kapaluruh.
- 3) Pikeun panalungtikan saterusna, panalungtikan ngeunaan dialék sosial bisa dipatalikeun kana widang pangajaran di sakola.